Ki sa basen vèsan TTF (Tookany/ Tacony-Frankford, TTF) la ye?

Yon basen vèsan se tè k ap glise tonbe nan yon kouch dlo – pou nou, sa a reprezante basen vésan 30 mil kare rivyè Tookany/ Tacony-Frankford la. Rivyè Tookany kòmanse nan Konte Montgomery epi li koule nan Philadelphia nan avni Cheltenham, kote yo rele l rivyè Tacony. Lè li rive Juniata Park, non li chanje ankò an rivyè Frankford, ki koule nan Rivyè Delaware nan sid pon Betsy Ross la.

Ki sa patenarya basen vèsan TTF la ye?

Nou konekte kominote yo ak rivyè yo! Atravè edikasyon, jesyon, restorasyon ak defans dwa moun, n ap travay ansanm ak ou ak anpil lòt moun pou nou amelyore sante basen vèsan nou an. Nou pale sou dlo ak fason nou tout ka fè yon diferans nan katye nou yo ak nan lakou nou yo. Nou envite vwazen Tacony Creek Park yo planifye epi patisipe nan pwogram yo epi rantre nan asosyasyon zanmi TCP Keepers yo (TCP Keepers Friends Group).

Ki sa Tacony Creek Park and Trail ye?

An 1915, yo te fè Tacony Creek Park kòm pak pou pwoteje rivyè a. Gen yon lè, pak la se te yon sit ki te gen plizyè ansyen moulen ladan. Ak 300 kawo tè forè ak savann kote bèt bèt sovaj rete, espas vèt sa a gen yon santye pave 3.2 mil pou moun mache ak monte bisiklèt, ki konekte ak Roosevelt Boulevard. Yon moun ka rive sou santye a si li pase nan kèk ti wout ki genyen nan katye a.

Patnè yo

FIND YOUR PATH
PHILADELPHIA PARKS & RECREATION

PHILADELPHIA WATER

THE CIRCUIT TRAILS

ALLIANCE FOR WATERSHED EDUCATION OF THE DELAWARE RIVER

@ttfwatershed
#TaconyCreekPark

215-744-1853
taconycreekpark.org
ttfwatershed.org

WILLIAM PENN FOUNDATION

Tookany/ Tacony-Frankford Watershed Partnership, Inc.

Pak ak Santye Rivyè Tacony

Peyizaj Nan Vwazinaj ou

Tookany / Tacony-Frankford Watershed Partnership, Inc.

Pak ak Santye Rivyè Tacony

Tookany/Tacony-Frankford Watershed Partnership, Inc.

PHILADELPHIA PARKS & RECREATION

Ap Disponib Byento!

Frankford Creek Greenway

- Vin pwofite bèl espas vè sa a andann katye w la
- Kontakte nou pou jwenn yon gid sou zwazo yo gratis.
- Eksplwore pak la epi dekouvri rivyè a.
- Mennen fanmi ou pwonmennen pou yo kontanple nati a.